

DEMANN RESÈTIFIKASYON POU PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SNAP), LAJAN KACH, AK/OUBYEN ASISTANS GADRI

Demann Enskripsyon Elektè yo Atache - Asistans Disponib

Si w **PA** enskri pou w vote kote w ap viv kounye a, èske ou ta renmen aplike pou w enskri pou w vote la a jodi a?

WI - Mwen vle enskri pou m vote.

Non - Mwen **PA** vle enskri pou vote.

Nòt: Si ou pa koche chak bwat, ou **P AP** konte kòm enskri pou vote nan moman sa.

Nimewo Dosye	Kontak Konte
Nimewo Telefòn Kontak Konte	Nimewo Faks Konte

Pou kontinye jwenn avantaj ou yo, nou dwe revize dosye w la pou asire w ou toujou elijib epi w ap resevwa kantite kòrèk avantaj yo.

Tanpri ranpli fòmilè anba epi retounen li nan biwo JFS konte ou an pou kontinye resevwa avantaj yo. Rele biwo JFS konte ou an si ou gen nenpòt kesyon.

Aplikasyon Asistans Medikal yo: Fòmilè sa a se pa yon aplikasyon yo apwouve pou pwogram Asistans Medikal la. Ou dwe resètifye pandan w ap itilize fòmilè aplikasyon Asistans Medikal ki apwouve yo. Nenpòt enfòmasyon ki founi pandan entèvyou ou an pral itilize pou mete ajou dosye w la epi kapab afekte avantaj Asistans Medikal ou yo.

Etap 1: Ranpli enfòmasyon ou yo anba oubyen fè koreksyon jan sa nesèsè

Si ou bezwen plis espas, ekri repons ou yo sou yon fèy papyè anplis epi atache li nan fòmilè sa.



Non (*Prenon, Dezyèm Non, Non Fanmi*)

Adrès kourye

Adrès Lari (*si l diferan*)

Vil

Eta

Kòd Postal

Vil

Eta

Kòd Postal

Adrès Imèl

Telefòn (*Lakay*)

Telefòn (*Travay*)

Telefòn (*Selilè*)



BENEFISYÈ ASISTANS SNAP AK/OUBYEN LAJAN KACH

Tanpri siyen epi retounen fòmilè sa avan dat entèvyou ou an nan _____ men pa pita pase _____ si vle resètifye pou avantaj Asistans SNAP ak/oubyen Lajan Kach yo.

Remak: Si ou pa retounen fòmilè siyen sa epi konplete entèvyou ou an, avantaj Asistans Lajan Kach ou yo pral kanpe epi avantaj SNAP ou yo pral ekspire.

Si pa genyen OKENN dat ki site anwo a: Ou PA bezwen resètifye pou avantaj Asistans SNAP oubyen Lajan Kach nan moman sa.



BENEFISYÈ GADRI YO:

Elijibilite Gadri aktyèl ou an pwograme pou fini nan dat _____. Ou dwe ranpli fòmilè sa epi retounen li avan _____. Si nou pa resevwa fòmilè ranpli a ansanm ak tout dokiman sipò yo nan dat elijibilite aktyèl ou a ap fini an, n ap mete fen ak Asistans Gadri ou an epi n ap mete fen ak tout otorizasyon ak founisè yo.

Si pa genyen OKENN dat ki site anwo a: Ou PA bezwen resètifye pou avantaj Gadri nan moman sa.

Fason pou Soumèt Fòmilè sa:

- Anliy
- Kourye
- An pèsòn nan biwo JFS konte lokal ou an
- Faks

Ranpli Demann Ou an pou Resètifikasyon Anliy

- 1 Konekte oubyen kreye yon kont nan ssp.benefits.ohio.gov
- 2 Klike seksyon "Access" a adwat ekran an
- 3 Seleksyone "Recertification" epi swiv endikasyon yo

Nòt: Si ou pote divès dokiman nan yon biwo JFS konte, ou pral resevwa yon resi.

Etap 2: Pou SNAP, Lajan Kach, ak/oubyen Gadri, tanpri revize enfòmasyon swivan an epi siyen nan bwat ki nan pwochenn paj la.

LÈ MWEN SIYEN APLIKASYON SA:

Pou tout pwogram yo (SNAP, Lajan Kach, ak/oubyen Asistans Gadri), mwen rekonèt ak dakò:

- Pou kesyon ki nan fòmilè sa a epi sètifye, sou risk sanksyon pou fo temwayaj, tout repons mwen yo kòrèk epi konplè selon sa mwen konnen, sa gen ladann enfòmasyon sou sitwayènte oswa estat imigrasyon chak manm fwaye a ki aplike pou asistans.
- Biwo Travay ak Sèvis Fanmi (Job and Family Services (JFS)) kapab kontakte lòt moun oswa òganizasyon pou jwenn prèv nesès pou elijibilite mwen ak nivo asistans epi/oswa nan kèk ka, yo ka mande m pou m bay konsantman m ak biwo JFS konte a pou kontakte moun sa yo.
- Mwen konprann yo ka mande m pou m kolabore ak ajans egzekisyon pansyon alimantè (CSEA) nan tabli patènite oswa nan tabli oubyen egzekite yon òdonans sipò. Si yo rekòmande mwen pou kolabore avèk CSEA, yo pral soumèt yon referans bay ajans lan nan non mwen. Mwen konprann tou ke si mwen pa gen rekòmandasyon pou kolabore avèk CSEA, mwen kapab mande sèvis pansyon alimantè yo nan ranpli Aplikasyon pou Sèvis Pansyon Alimantè yo (Fòmilè JFS 07076).
- Biwo JFS konte a kapab ede mwen jwenn verifikasyon rekòmande yo a kondisyon mwen kowopere.
- Lalwa bay yon pèn amann oubyen anprizònman, oubyen alafwa, pou nenpòt moun yo rekonèt koupab ki te resevwa sou fòm fwod asistans ke li pa elijib pou sa.
- Siyati m anba a bay biwo JFS konte a pèmision pou l gen aksè ak enfòmasyon ki disponib nan Sistèm Swivi pou Egzekisyon Sipò a (Support Enforcement Tracking System, SETS) pou verifie revni m an rapò ak sipò pou pitit mwen/konjwen/medikal.
- Estat manm nan fwaye ki pa sitwayen kapab sijè ak verifikasyon pa Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) atravè soumisyon enfòmasyon nan aplikasyon bay USCIS atravè Sistèm Verifikasyon ak Elijibilite Etranje Sistemik (Systematic Alien Verification and Eligibility (SAVE)). Enfòmasyon ki soumèt yo te resevwa nan USCIS kapab afekte elijibilite fwaye a ak nivo avantaj yo.
- Siyati m anba a bay konsantman epi otorize biwo JFS konte a pou l aksede ak Pòtay Prestasyon Travayè Ohio a (Ohio Benefits Worker Portal) ak objektif pou verifie estat sitwayènte timoun yo nan ka sa a epi pou verifikasyon resi asistans piblik adisyonèl. Mwen ka retire otorizasyon sa nenpòt lè, pou sa map notifie biwo JFS konte alekri.
- Ou genyen dwa pou mande yon konferans konte ak yon odyans Eta si ou pa dakò avèk mezi ki pran nan ka ou an. Pou mande yon konferans konte a, ou dwe kontakte biwo JFS konte ou an oubyen revize avi ou yo ou resevwa nan kourye a.

Si mwen te aplike pou avantaj SNAP yo, mwen rekonèt ak dakò:

- Lè mwen siyen aplikasyon sa, yo pral mande enfòmasyon sa nan Sistèm Verifikasyon Revni ak Elijibilite (IEVS) epi enfòmasyon yo kapab verifie atravè tout kontak ki nesès pou detèmine elijibilite mwen.
- Nimewo Sekirite Sosyal (SSNs) pral itilize pou verifie idantite manm fwaye yo, anpeche doub patisipasyon, epi fè divès chanjman nan dosye mwen an. Si nenpòt manm fwaye a pa prezante SSN yo a, yo pral deziye antan ke yon non kandida. Sa vle di yo P AP konsidere yo antan ke yon kandida epi p ap elijib pou SNAP. Founiti tout enfòmasyon yo mande, ki gen ladan l SSN chak manm fwaye, ap volontè. Sepandan, lè yo pa reyisi bay enfòmasyon yo mande yo pou etabli elijibilite mwen an pou asistans pral lakoz yo refize oubyen rediksyon avantaj SNAP yo nan fwaye mwen. Enfòmasyon ki kolekte nan aplikasyon an kapab pibliye bay responsab aplikasyon lalwa yo pou objektif arete moun k ap kouri pou lalwa.
- Si yon tribinal deklare mwen koupab nan itilize oubyen resevwa avantaj yo nan yon tranzaksyon ki enplike vant yon sibstans kontwòle, mwen p ap elijib pou avantaj yo pandan de (2) ane pou premye enfraksyon an epi yon jan pèmanan pou dezyèm enfraksyon an.
- Si yon tribinal jwenn mwen koupab ke m te itilize oubyen te resevwa avantaj yo nan yon tranzaksyon ki enplike vant zam-a-fe, minisyon oubyen eksplozif, mwen p ap elijib yon jan pèmanan pou patisipe nan SNAP anba premye enfraksyon vyolasyon konsa.
- Avantaj SNAP yo bay sou Kat Ohio Direction an epi mwen gen entèdiksyon nan avantaj SNAP mwen yo pou achte oubyen vann zam-a-fe oubyen sibstans kontwòle. Mwen konprann mwen ka itilize prestasyon SNAP pou sèlman achte pwodui ki elijib yo. Mwen pa kapab itilize avantaj SNAP pou achte divès objè ki pa manje tankou bwason alkolik, tabak, elatriye. Tout manm fwaye mwen ki gen entansyon vyole règleman yo kapab pa jwenn SNAP pou yon ane pou premye enfraksyon an, de (2) ane pou dezyèm enfraksyon an, ak yon jan pèmanan pou twazyèm enfraksyon an.
- Si yon tribinal jwenn koupab ke mwen te trafike avantaj yo pou yon montan total \$500 oubyen plis, mwen p ap elijib yon jan pèmanan pou patisipe nan SNAP anba premye enfraksyon vyolasyon sa.

Etap 2 (Kontinye): Pou SNAP, Lajan Kach, ak/oubyen Asistans Gadri, tanpri revize enfòmasyon swivan an epi siyen nan bwat ki nan pwochenn paj la.

- Nenpòt manm nan fwaye mwen ki vyole toutespre règleman yo kapab pa jwenn SNAP pou yon ane pou premye enfraksyon an, de (2) ane pou dezyèm enfraksyon an, ak yon jan pèmanan pou twazyèm enfraksyon an.
- Si yon tribinal jwenn koupab ke mwen te trafike avantaj yo pou yon montan total \$500 oubyen plis, mwen p ap elijib yon jan pèmanan pou patisipe nan SNAP anba premye enfraksyon vyolasyon sa.
- Mwen gen entèdiksyon pou vann, fè komès oubyen achte avantaj SNAP yo epi mwen pa ka itilize avantaj SNAP yon lòt moun pou fwaye mwen. Pwogram SNAP la ka diskalifye m si mwen vyole youn nan sa yo di yo.
- Mwen pa kapab itilize avantaj yo pou achte manje pou yon moun ki pa yon manm nan fwaye mwen.
- Si yo jwenn mwen gen yon deklarasyon oubyen yon reprezantasyon ki gen fwod konsènan idantite mwen oubyen zòn rezidans mwen nan objektif pou resevwa plizyè avantaj SNAP an menm tan, mwen p ap elijib pou patisipe nan SNAP pou yon peryòd 10 ane.
- Enfòmasyon ki founi avèk aplikasyon mwen pou avantaj SNAP yo pral soumèt ak verifikasyon pa otorite Federal, Eta ak lokal yo pou detèmine si enfòmasyon yo fakteyèl ak si nenpòt enfòmasyon pa kòrèk, avantaj SNAP mwen yo kapab refize. Mwen kapab soumèt ak pouswit penal dèske mwen te founi toutespre enfòmasyon ki pa kòrèk.
- Si mwen resevwa avantaj SNAP yo, mwen pa t dwe benefisye:
 - Yo kapab òdone mwen pou repeye avantaj yo
 - Yo kapab fè mwen peye pou fwod
 - Mwen kapab peye yon amann (jiska \$250,000) oubyen yo voye mwen nan prizon (jiska 20 ane) oubyen alafwa
 - Yo ka entèdi mwen resevwa avantaj yo alavni.
- Yo pral konsidere mwen responsab pou nenpòt avantaj SNAP ke m ap resevwa ke mwen ta dwe jwenn si reprezantan otorize mwen an bay enfòmasyon ki pa kòrèk.
- Si mwen pa dakò avèk yon mezi ki pran sou dosye mwen an, mwen kapab depoze pou yon konferans konte a oubyen yon odyans Eta a. Mwen kapab mande pou yon konferans konte oubyen odyans Eta anliy, pa imel oubyen lapòs, oubyen lè yo kontakte biwo JFS konte mwen an. Mwen kapab mande yon moun pou patisipe nan odyans lan nan plas mwen avèk otorizasyon siyen mwen.
- Si yo chwazi dosye mwen an owaza pou garanti ke mwen elijib pou asistans mwen ap resevwa e ke mwen ap resevwa montan kòrèk la, mwen dwe kowopere si dosye mwen an revize. Si mwen refize kowopere avèk yon revizyon, yo kapab mete fen nan avantaj mwen yo.
- Nan espas 60 jou aprè mwen fin aplike epi nenpòt lè pandan m ap resevwa avantaj yo, yon moun ki anplwaye oubyen endepandan pa dwe volontèman ak san motif valab kite travay li oubyen redwi lè travay li pou mwens pase 30 èdtan pa semèn oubyen resevwa mwens pase salè minimòm federal la x 30 èdtan pou rete elijib pou patisipe nan SNAP.

Si mwen te aplike pou avantaj Asistans Lajan Kach yo, mwen rekonèt ak dakò:

- Lè mwen siyen aplikasyon sa ak resevwa Asistans Lajan Kach OWF, mwen kapab gen rekòmandasyon pou kolabore avèk Ajans Aplikasyon Sipò Lokal la (Child Support Enforcement Agency (CSEA)) nan etabli patènite oubyen etablisman oubyen aplikasyon yon odònan pou sipò. Si mwen gen rekòmandasyon pou kolabore avèk Ajans Lokal Egzekisyon Pansyon Alimantè lokal la (CSEA), yon referans pral soumèt bay ajans lan nan non mwen ak nenpòt dwa pou tout pansyon alimantè yo dwe mwen ansanm ak timoun minè gwoup asistans lan pral atribiye ak Eta Ohio.
- Lè m siyen aplikasyon sa a ak resevwa Ohio Works First, mwen bay Eta Ohio tout dwa sou pansyon alimantè pou timoun/konjwen ki pou mwen ak/oswa pou minè nan gwoup asistans lan pandan peryòd elijibilite Ohio Works First la.
- Avantaj lajan kach yo soti sou Way2Go. Way2Go kapab itilize nan bank manm MasterCard yo, ATM yo ak majorite detayan ki aksepte MasterCard. Mwen pa kapab itilize Way2Go mwen an nan boutik likè yo, kazino yo, etablisman jwèt aza yo, oubyen nenpòt etablisman jwèt aza yo ki founi divètisman pou adilt kote atis yo dezabiye oubyen pèfòme toutouni nan objektif divètisman.
- Mwen dwe aktive Way2Go mwen an nan espas 90 jou apati de lè avantaj yo ak premye kat mwen an te sòti e ke si Way2Go mwen an pa aktive nan espas 90 jou, avantaj mwen yo pral retire nan kont mwen.

Si mwen te aplike pou avantaj Gadri, mwen rekonèt ak dakò:

- Biwo JFS konte mwen an oubyen Depatman Timoun ak Jèn yo (Department of Children and Youth (DCY)) kapab pataje estati apwobasyon, refi, ak soumisyon aplikasyon swen pou pitit mwen an bay founisè ki endike nan aplikasyon sa oubyen nenpòt lòt founisè ki site akoz yon chanjman nan aplikasyon mwen an. Mwen konprann ke pataje enfòmasyon sa bay nenpòt founisè ki pa site nan aplikasyon sa pral egzijè siyati yon otorizasyon apa yon jan konfòm ak Kòd Revize Ohio a.
- Mwen pral kapab itilize prestasyon sèvis gadri leta finansè sèlman pou timoun ki elijib epi sèlman jiska yon maksimòm èdtan biwo JFS konte a otorize. Pou rete elijib pou avantaj PFCC yo, kopèman rekòmande (si aplikab) dwe peye pa mwen menm bay founisè a. Lè mwen reyisi peye kopèman rekòmande a, sa kapab lakoz yo mete fen nan avantaj PFCC yo.
- Si yo apwouve m pou sipò timoun, m ap responsab pou byen anrejiste asistans pitit mwen nan pwogram swen pou timoun nan, pou sa m ap itilize yon sistèm swivi otomatize pou asistans. Sa gen ladann, enskri sou sistèm nan epi kreye enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl mwen pral itilize pou aksede ak sistèm nan epi pou itilize kòm siyati elektwonik mwen. Mwen konprann founisè sipò pou pitit mwen an pa gen pèmisyon pou anrejistre patisipasyon pitit mwen nan non m, epi li ka pa gen aksè ak enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl mwen. Mwen konprann sistèm swivi patisipasyon an kapab pran foto m oswa foto moun mwen deziyen/esponsò kòm pati pwosesis koneksyon ak dekoneksyon an. Mwen konprann mwen responsab pou apwouve nenpòt chanjman prestatè mwen an fè nan sistèm swivi patisipasyon an an rapò ak patisipasyon pitit mwen an nan pwogram nan.

Etap 2 (Kontinye): Pou SNAP, Lajan Kach, ak/oubyen Asistans Gadri, tanpri revize enfòmasyon swivan an epi siyen nan bwat ki anba a

- Si pitit mwen an patisipe nan yon pwogram Step Up To Quality evalye, epi si yo ranpli yon evalyasyon sou pitit mwen an, y ap kolekte done yo epi rapòte yo bay JFS.
- Mwen te resevwa eksplikasyon sou kondisyon pou detèmine elijibilite pou swen pou timoun, rezon ki fè m ka pa elijib, dwa m pou asiste ak yon odyans leta, responsablite m pou rapòte chanjman bay biwo JFS konte a ansanm ak sanksyon, ki gen ladann aksyon sivil posib oswa pousuit kriminel, pou disimilasyon oswa falsifikasyon entansyonèl enfòmasyon oswa mal itilize prestasyon pou sipò pou timoun, ki gen ladann mal itilize sistèm swivi otomatize pou patisipasyon timoun lan.
- Mwen dwe siyale nenpòt chanjman ki afekte elijibilite m devan biwo JFS konte a, ki gen ladann chanjman nan revni fanmi an, lè travay/fòmasyon/edikasyon, gwosè fanmi an epi adrès. Mwen dwe siyale chanjman yo nan 10 jou aprè yo fin fèt.
- Epitou, siyati m anba a bay konsantman pou bay yon idantifyan elèv sistèm nan nivo eta a ki jenere pa sistèm lan (system generated statewide student identifier, SSID) pou chak timoun ki nan aplikasyon sa a.
- Enfòmasyon Sou Founisè Gadri yo:
 - Paran yo kapab chwazi nenpòt pwogram ki apwouve pou ofri swen pou timoun ki finanse piblikman. Pwogram sa yo kapab gen ladan yo divès sant, gadri familyal, divès èd adomisil ak divès kan lajounen pou timoun ki lokalize nan tout Eta Ohio a.
 - Si ou ta renmen asistans pou chwazi yon founisè, ou kapab kontakte Resous Gadri Lokal ak Ajans Referans ou an.
 - Ou ka itilize Repètwa Gadri pou chache pwogram ki adapte ak bezwen swen pou timoun ou an nan <http://childcaresearch.ohio.gov>. Repètwa pèmèt ou fè rechèch pa lokal, tip pwogram lan, sèvis ki ofri yo aj jou ak lè fonksyonman yo. Enfòmasyon yo bay konsènan chak pwogram ki gen ladan l notasyon Step Up To Quality, tout akreditasyon oubyen afilyasyon adisyonèl, enspeksyon lisans ak divès plent fonde.
 - Steps Up To Quality ede fanmi yo chwazi pwogram gadri yo ki ale odela estanda minimòm lisans lan. Pwogram ki Klase pa etwal yo demontre nivo kalite ki pi wo nan yon varyete fason. Si ou ta renmen plis enfòmasyon sou pwogram Step Up To Quality a, vizite sitwèb gadri DCY a nan <https://childrenandyouth.ohio.gov/for-providers/step-up-to-quality>.
 - Ou kapab vizite egalman sitwèb nou an pou aprann plis sou depistaj sante Medicaid ak sèvis entèvansyon bonè pou pitit ou an. Pou plis enfòmasyon, ale nan <http://jfs.ohio.gov/cdc/index.stm> epi klike sou "Families."
- Si w ta renmen fè yon plent sou yon founisè konsènan vyolasyon ou sispèk sou règ lisans yo, ou ka kontakte Sèvis Asistans sou Politik Gadri nan 1-877-302-2347, Opsyon 4.



Siyati Aplikan an OSWA Reprezantan Otorize a

Dat

Ekri non Aplikan OSWA Reprezantan Otorize a an lèt detache

Dat

- Paj ki rete yo se pou Swen Timoun SÈLMAN -

Etap 3: Si w ap aplike pou Gadri, tanpri ranpli bwat la

Konbyen moun ki ap viv nan fwaye ou? _____ Tanpri site yo anba:

Non (<i>Prenon, Dezyèm Non, Non Fanmi</i>)	4 dènye chif SSN yo	Dat Nesans	Sèks	Relasyon l ak Aplikan an	Èske timoun lan bezwen swen?	Dat Antre Nan Kay/ Sòti Nan Kay la
			☐ L ☐ V		☐ W ☐ N	
			☐ L ☐ V		☐ W ☐ N	
			☐ L ☐ V		☐ W ☐ N	
			☐ L ☐ V		☐ W ☐ N	
			☐ L ☐ V		☐ W ☐ N	

Etap 4: Ranpli enfòmasyon sou revni fwaye ou nan bwat ki anba (Prèw Atache)

Gadyen 1 - Non ak Adrès Patwon an	Dat Komansman	To Pèman	Frekans Pèman
			Chak Semèn Chak 2 semèn Lòt (<i>tanpri presize</i>) _____
Gadyen 1 Orè Travay/Lekòl/Fòmasyon			
Mèkre Soti _____ rive _____			
Diman Soti _____ rive _____		Jed Soti _____ rive _____	
Len Soti _____ rive _____		Vand Soti _____ rive _____	
Mad Soti _____ rive _____		Sam Soti _____ rive _____	
Gadyen 2 - Non ak Adrès Patwon an	Dat Komansman	To Pèman	Frekans Pèman
			Chak Semèn Chak 2 semèn Lòt (<i>tanpri presize</i>) _____
Gadyen 2 Orè Travay/Lekòl/Fòmasyon			
Mèkre Soti _____ rive _____			
Diman Soti _____ rive _____		Jed Soti _____ rive _____	
Len Soti _____ rive _____		Vand Soti _____ rive _____	
Mad Soti _____ rive _____		Sam Soti _____ rive _____	

Etap 4 (Kontinye): Ranpli enfòmasyon sou revni fwaye ou nan bwat ki anba (Atache Prèv)

Èske revni ki pa ganye a te chanje pou nenpòt moun ki nan fwaye a, ki gen ladan yo revni apati de divès sous tankou pansyon alimantè, Sekirite Sosyal (SSA oubyen SSI), avantaj chomaj, avantaj andikap, konpansasyon travayè, avantaj retrèt/pansyon, oubyen revni lweyaj?

Wi - Atache prèv epi **ranpli**:

- Sous revni ki pa ganye: _____
- Dat revni ki pa ganye te kòmanse/chanje: _____
- Montan revni ki pa ganye chak mwa: \$ _____

Non - Revni ki pa ganye **PA t** chanje pou nenpòt moun nan fwaye a

Èske obligasyon pansyon alimantè ou an te chanje depi dènye aplikasyon ou an?

Wi - Si wi, ki obligasyon pansyon alimantè ou an pa mwa?

\$ _____ **Atache prèv**

Non - Obligasyon pansyon alimantè mwen an **PA** te chanje

Eske ou menm ak moun ki lakay ou yo gen plis pase yon milyon dola an lajan kach, chèk oswa epay (tankou kont nan bank, vèsman anyèl, aksyon oswa obligasyon)?

Wi

Non - Fwaye mwen an **PA** gen plis pase yon milyon dola nan lajan kach, chèk, oubyen epay

Eske gen moun lakay ou ki nan lame?

Wi - Devwa Aktif

Wi - Gad/Rezève Nasyonal

Non - Okenn moun nan fwaye mwen an pa nan militè

Etap 5: Ranpli Lekòl oubyen Fòmasyon Gadyen (Atache Prèv)

Gadyen 1 - Non ak Adrès Lekòl oubyen Lokal Fòmasyon an

Dat Komansman

Gadyen 2 - Non ak Adrès Lekòl oubyen Lokal Fòmasyon an

Dat Komansman

Etap 6: Ranpli pou timoun ki bezwen swen

Timoun 1 - Non (<i>Prenon, Dezyèm Non, Non Fanmi</i>)		Non Jènfi Manman Timoun lan	Vil Nesans
Non ak Adrès Founisè Gadri			
Non ak adrès lekòl timoun lan (<i>SÈLMAN si timoun lan nan Preskolè oswa nan klas pi wo</i>)			
Eske timoun lan ap antre nan Preskolè? Wi Non - Pitit mwen P AP AM PM Tout Jounen antre nan Preskolè		Nivo Klas Aktyèl (<i>Si timoun lan nan lekòl</i>) _____ Dat Kòmansman Ane Lekòl _____ Dat Fen Ane Lekòl _____ Kantite Lè Lekòl Total _____ Èdtan Lekòl: Soti _____ Rive _____	
Timoun 2 - Non (<i>Prenon, Dezyèm Non, Non Fanmi</i>)		Non Jènfi Manman Timoun lan	Vil Nesans
Non ak Adrès Founisè Gadri			
Non ak adrès lekòl timoun lan (<i>SÈLMAN si timoun lan nan Preskolè oswa nan klas pi wo</i>)			
Eske timoun lan ap antre nan Preskolè? Wi Non - Pitit mwen P AP AM PM Tout Jounen antre nan Preskolè		Nivo Klas Aktyèl (<i>Si timoun lan nan lekòl</i>) _____ Dat Kòmansman Ane Lekòl _____ Dat Fen Ane Lekòl _____ Kantite Lè Lekòl Total _____ Èdtan Lekòl: Soti _____ Rive _____	

Deklarasyon Non-diskriminatwa USDA

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans (eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tandè oswa ki gen andikap pou pale kapab kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan **(800) 877-8339**. 

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele **(833) 620-1071**, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmè Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. **Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli a:**



Pa lapòs:

Food and Nutrition Service, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314; oswa



Faks:

(833)-256-1665 oswa (202)-690-7442; oswa



Imèl:

FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

Tanpri, piga ou voye enfòmasyon, tankou aplikasyon oubyen verifikasyon, nan adrès Depatman Agrikilti Etazini (United States Department of Agriculture (USDA)) ki endike anwo a. Adrès sa rezève sèlman pou plent ki lye ak dwa sivil. Tanpri voye dokiman kandidati oubyen verifikasyon nan biwo JFS konte lokal ou an.